



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWOGRÈ NAN REYAMENAPMAN  
ETABLISMAN KOREKSYONÈL WATERTOWN LAN AK KANPIS TRETMAN DWÒG  
WILLARD LAN**

*Pibliye demann pou pwopozisyon pou Reyamenajman Etablisman Koreksyonèl  
Watertown lan ak yon anfas sou Lojman avèk yon seri gwochè inite ak nivo  
aksesibilite*

*Nouvo RFP Konte Seneca pou devlopè prensipal pou re-anvizaje Kanpis Tretman  
Dwòg Willard ki mezire 223 eka*

*Avanse rekòmandasyon kle Komisyon Reyamenajman Prizon Eta a pou kreye  
nouvo opòtinite ak benefis kominotè ak ekonomik*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Empire State Development te pibliye yon Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou transfòme ansyen Etablisman Koreksyonèl Watertown nan Konte Jefferson an yon pwojè rezidansyèl ki gen yon seri gwochè inite ak nivo abòdabilite, dènye etap enpòtan nan efò kontinyèl Gouvènè a pou re-itilize sit eta yo pou nouvo lojman. Anplis de sa, Konte Seneca te pibliye yon Demann pou Pwopozisyon pou re-devlopman ansyen Kanpis Tretman Dwòg Willard ki nan Vil Romulus an yon pwojè bò litoral vibran ki kapab genyen yon melanj itilizasyon rezidansyèl, komèsyal, lwazi, ak lòt itilizasyon. Aksyon sa yo bati sou pwogrè Gouvènè a nan avanse rekòmandasyon kle nan [Rapò Komisyon Reyamenajman Prizon](#) pou re-imagine prizon ki fèmen kòm pwojè redevlopman inovan ki sipòte nouvo lojman, travay, ak aktivite ekonomik nan tout eta a.

"N ap investi nan kominote nou yo nan redevlopman prizon ki fèmen yo epi jwenn fason pou nou reitilize sit yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tou de sit Watertown ak Willard yo sou yon trajektwa pou pi devan pou ankouraje kwasans ekonomik, fè Eta New York vin pi fasil pou viv epi bay tout moun opòtinite."

**Etablisman Koreksyonèl Watertown**

RFP Etablisman Koreksyonèl Watertown la fèt pou ankouraje devlopman lojman nan yon melanj seri gwochè inite ak nivo abòdabilite sou sit 44 ekta a. Sa a pral non sèlman ogmante opsyon lojman, men tou, devlope kominote a epi mete yon pwopriyete eta ki vid pou l tounen nan itilizasyon pwodiktif. RFP priyorize pwopozisyon ki kreye plis

lojman abòdab epi sipò finansye ka disponib pou pwomotè deziyen an pou depans ki elijib yo.

Anplis de sa, devlopè deziyen yo ka elijib pou aplike pou jiska 8 milyon dola nan fon sibvansyon Empire State Development lan pou depans kapital elijib ki gen rapò ak reyamenajman sit la. RFP la disponib sou [sitwèb](#) Empire State Development lan. Y ap fè yon vizit sou sit la 25 jiyè 2024 epi yo dwe resevwa pwopozisyon yo anvan 30 out 2024.

### **Kanpis Tretman Dwòg Willard la**

Gouvènè Hochul te anonse tou ke Konte Seneca te pibliye yon RFP pou yon devlopè prensipal pou ansyen Kanpis Tretman Dwòg Willard la nan Vil Romulus. Konte Seneca ap pouswiv yon transfè nan sit la soti nan Eta New York rive nan konte a pou reyamenajman. RFP a gen pou objektif pou idantifye yon pwomotè prensipal privilejye ke konte a pral antre nan yon akò patenarya piblik-prive ak li pou reyamenajman tout sit la yon fwa transfè a fini. Sit 223 ekta, ki gen ladann plis pase 75 bilding ak yon km edmi sou rivaj Lak Seneca, ki nan lis Rejis Nasyonal la nan Kote Istorik yo. Kanpis la gen yon istwa rich ki soti nan 1853 epi li adjasan ak Pak Eta Sampson Konte a te angaje 500,000 dola pou ede Pwomotè Prensipal Privilejye a nan avanse plan reyamenajman an. Konte a ap chèche tou pou idantifye potansyèl patnè devlopman ki enterese nan pati espesifik sit la.

Yo envite moun ki enterese yo revize detay sou sit la epi voye yon repons bay RFP la pa pita pase 5:00 p.m. 15 oktòb 2024. RFP ak enfòmasyon sou vwayaj yo disponib sou [sit wèb](#) Konte Seneca.

Demann pou pwopozisyon an fè avanse rekòmandasyon Komisyon Reyamenajman Prizon an, yon gwoup kenz moun byen imobilye, devlopman kominotè ak ekonomik, refòm jistis kriminel, ak ekspè gouvènman an ke Gouvènè a te konvoke an 2022 pou reyimajine prizon fèmen pou pwojè reyamenajman inovatè yo. An desanm 2022, Komisyon an te bay Gouvènè a rekòmandasyon, ki enkli:

- Priyorize piblikasyon de Demann pou Pwopozisyon (Requests for Proposals, RFP) yo epi bay sipò pou ESD (Empire State Development) atravè pwosesis RFP a.
- Lanse yon Fon Reyamenajman Prizon, yon pwogram sibvansyon kapital ki t ap mete finansman disponib pou devlopè ak/oswa lokalite yo ki akteri sit nan men Eta a.
- Kreye yon Fon Asistans Teknik Minisipal pou ede kominote ki gen prizon fèmen yo opere enstalasyon ki fèmen yo (egzanp akizisyon ak antretyen enfrastrikti).
- Etabli yon pwosesis angajman kominotè pou sipòte sansibilizasyon ak konsansis nan kominote ki afekte yo.
- Priyorize lojman nan pwochen RFP prizon yo oswa lòt efò reyamenajman prizon yo.
- Mennen ankèt sou opòtinite pou enèji renouvlab ak patenarya yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap ankouraje patenarya piblik-prive epi n ap travay ak patnè lokal nou yo pou re-imagine ansyen sit prizon yo epi ankouraje nouvo envestisman pou ankouraje devlopman ekonomik pozitif ak ekitab. Atravè Komisyon Reyamenajman Prizon an, yo te pwopoze rekòmandasyon pou sipòte reyitilizasyon adapte ak reyamenajman ansyen lokal prizon yo nan eta a. De RFP sa yo reprezante pwochen etap nan kreye kominote rezidansyèl vibran ki pral kontinye adrese kriz lojman eta a epi jenere kwasans ekonomik."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "RFP jodi a montre plis angajman Gouvènè Hochul pran pou itilize yon varyete estrateji pou amelyore abòdabilite pou Nouyòkè yo epi kreye nouvo opsyon lojman nan chak rejyon nan eta a. Reyamenajman Etablisman Koreksyonèl Watertown ak Sant Tretman Dwòg Willard la bay yon opòtinite enpòtan pou pote plis kay nan North Country ak Finger Lakes, epi kontribye nan kwasans ekonomik nan nò Eta New York."

**Komisè Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York lan, Daniel F. Martuscello III, te deklare,** "Fèmti nenpòt etablisman koreksyonèl se yon desizyon difisil, men chwazi yon sit ki gen potansyèl pou reyamenajman ak redevlopman se yon faktè enpòtan nan pwosesis sa a. Pou sa, li ankourajan pou nou wè pwogrè ki fèt ak ansyen lokal Koreksyonèl Watertown lan, Kanpis Tretman Dwòg Willard la ak Demann pou Pwopozisyon Empire State Development te pibliye ki an amoni ak non sèlman inisyativ lojman Gouvènè a, men tou ak rekòmandasyon Komisyon Reyamenajman Prizon an fè. Mwen paka tann pou m wè sa ki an rezèv pou sit sa yo ak enpak pozitif sou kominote lokal yo."

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York (New York State Office of General Services) la, Jeanette Moy, te deklare,** "Transfòmasyon ansyen Etablisman Koreksyonèl Watertown ak Kanpis Tretman Dwòg Willard la sèvi kòm egzanp sou fason re-itilize pwopriyete eta ki pa sèvi yo kapab ede satisfè bezwen pou lojman ki an sekirite ak abòdab pandan y ap ranfòse ekonomi eta a. Antanke manm Komisyon Reyamenajman Prizon Gouvènè Hochul la, mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li te fè rekòmandasyon komisyon an pase nan aksyon konkrè ki pral fè sit sa yo re-ouvri epi benefisye kominote Watertown ak Romulus yo."

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman New York la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 25 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman New York la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman Zonaj pou kreye plis lojman nan Vil New York, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè yo. Mezi sa yo swiv finansman istorik Gouvènè a te jwenn nan Bidjè Ane Fiskal 23 a pou yon Plan

Lojman 25 milya dola pou senkan pou konstwi ak prezève 100,000 inite lojman abòdab atravè eta a.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te pran mezi pozitif pou reyimajine lòt ansyen sit prizon yo, avèk yon anfas sou lojman. Ane pase, Gouvènè a te anonse yon pwopozisyon gayan pou reyamenaje ansyen Etablisman Koreksyonèl Lincoln lan nan Vil New York pou tounen yon devlopman dinamik pou itilizasyon melanje ki gen 105 inite lojman nan pri abòdab ak espas kominotè. Anplis de sa, dènyèman, Gouvènè a **te anonse** pwopozisyon ki genyen pou Etablisman Koreksyonèl Anba Lavil ki sitiye nan Fishkill, Konte Dutchess, an yon devlopman vibran pou plizyè itilizasyon k ap gen nouvo lojman ak espas kominotè. Gouvènè a te lanse tou demann pou pwopozisyon pou reyamenaje Etablisman Koreksyonèl Bayview nan Vil New York, avèk yon gwo anfas sou lojman. Anplis de sa, Empire State Development te transfere avèk siksè Etablisman Koreksyonèl Livingston, ki sitiye nan vil Groveland, nan Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Livingston, pou fè avanse yon rekòmandasyon kle nan rapò Komisyon Reyamenajman Prizon an.

**Senatè Eta Thomas F. O'Mara te deklare,** "Sa reprezante yon etap enpòtan pou Konte Seneca nan direksyon reyamenajman nan fiti sit ansyen Kanpis Tretman Dwòg Willard la. Nou pa ka tann pou nou travay kole ak eta a pou ede efò kontinyèl konte a pou konstwi yon patenarya piblik-privè ki pral reyalize yon re-itilizasyon enteresan ak pwodiktif pwopriyete ki gen anpil valè sa a pou lavni kominote, rezidan ak kontribiyab Konte Seneca yo."

**Manm Asanble Scott A. Gray te deklare,** "Jerans pwopriyete eta yo te yon pwoblèm prensipal pou biwo mwen an pandan manda mwen an nan Asanble a, kit se prizon ki dekomisyone yo, sant sikatri yo an oswa kanpis SUNY yo, nou bezwen bon jeran pwopriyete eta yo, epi nou bezwen asire w ke yo ap reyitilize nan itilizasyon maksimòm yo. Lè w tande nouvel yon RFP pou Etablisman Koreksyonèl Watertown la, se yon gwo etap nan direksyon pou re-utilize li. Mwen pral kontinye travay avèk dilijans pou asire ke plan an fini epi etablisman an vin konplètman reyitilize. Mèsi Gouvènè Hochul paske li fè inisyativ sa a avanse pou pi devan."

**Prezidan Konsèy Lejislatè Konte Jefferson (Jefferson County Board of Legislators), William W. Johnson, te deklare,** "Sa a se yon gwo nouvel; nou apresye Eta a ki pran mezi pou re-itilize Etablisman Koreksyonèl Watertown ki vid la, ki pral ede rezoud bezwen lojman nan Konte Jefferson."

**Sipèvizè Vil Watertown lan, Joel Bartlett, te deklare,** "Nou akeyi desizyon Gouvènè a pou l konvèti ansyen Prizon Dry Hill la an lojman abòdab epi nou pa ka tann opòtinite pou nou remèt pwopriyete a sou lis taks vil la ak konte a apre plizyè egzanpsyon taks. Nou tout rekonèt nesosite pou plis lojman nan Eta New York, ak an patikilye gwo bezwen nan zòn Watertown, epi inisyativ Gouvènè a pou ankouraje nouvo lojman adisyonèl pral ede satisfè bezwen aktyèl ak pwochen nan zòn nan."

**Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Seneca, Michael Enslow, te deklare,** "Konte Seneca pa ta ka plis eksite pou fè patenarya ak eta a ak anpil lòt ajans pou kòmanse sa ki pral yon tounan istorik pou reyamejman kanpis Willard la. Nou kontan anpil pou nou wè pwojè sa a dekole, epi nou pa ka tann sa lavni sere pou sit sa a."

**Prezidan Devlopman Ekonomik, Touris ak Lojman Konte Seneca, Jeffrey Trout te deklare,** "Konte Seneca angaje totalman nan sa ki pral investisman piblik-prive ki pi enpòtan nan istwa nou an. Amelyorasyon ki gen rapò ak touris, lojman, ak enfrastrikti pral avanse tout rejyon Finger Lakes la."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)